



Charlie Crist
Governor

Ana Viamonte Ros, M.D., M.P.H.
State Surgeon General

Pou Divilgasyon Imedya
April 2008

Kontakte: Susan Smith
850-245-4111

****FÈY ENFÒMASYON SOU SIKLÒN TWOPIKA/SIKLÒN****

**DEPATMAN LASANTE AVETI MOUN LAFLORID
SOU KOZE LIMON NAN IMÈB KE DLO DOMAJE**

TALLAHASSEE — Pandan moun Laflorid ap netwaye epi fè reparasyon nan kay ak imèb-yo ke tanpèt domaje, Depatman Sante Laflorid (DOH) mande piblik-la pou li pran prekosyon pou anpeche pwoblèm ki gen pou wè ak kalite lè-a anndan kay-yo. Mwezi ki antre nan imèb-yo poutèt fant ak inondasyon akselere kwasans limon. Limon gen dwa lakòz maladi, pwovoque reyaksyon alèjik epi kontinye domaje materyèl lontan apre tanpèt-la fini. Si ou pa mete mwezi ak limon sou kontwòl, ou gen risk sante akoutèm ak alontèm.

POU PWOTEJE TET-OU KONT RISK SANTE KI ASOSYE AK LIMON:

- Retire dlo dòmi lakay-ou epi nan biwo-ou.
- Retire materyèl ki mouye.
- Si limon deja kòmanse anvayi, retire oswa netwaye bagay ki gen limon-an avèk prekosyon.
- Sèvi ak ekipman pwoteksyon pèsònèl lè w'ap netwaye oswa retire limon – gan, gwo linèt ak yon respiratè patikil N-95 (w'ap jwenn-yo nan nenpòt ki magazen zouti). Mande yon doktè anvan si pa gen pwoblèm pou ou mete yon respiratè. Pa sèvi ak yon respiratè si ou soufri kè oswa si ou gen maladi poumon kwonik tankou as oswa anfizèm.
- Moun ki konnen yo fè alèji ak limon oswa ki gen as pa dwe netwaye oswa retire materyèl ki gen limon.

Sonje pou ou pa melanje pwodwi netwayaj ak dezenfektan, paske gen gaz danjere ki gen dwa lakòz move reyaksyon chimik. Li epi swiv enstriksyon etikèt-la byen. Ouvri fenèt ak pòt pou kite bon van fre antre.

Pou plis enfòmasyon sou kalite lè anndan kay-ou ak kwasans limon, kontakte depatman sante konte lokal-ou, Liy Dapèl sou Pwodwi Toksik nan Lè Depatman Sante Laflorid-la nan 800-543-8279 oswa vizite Sit Entènèt Depatman Lasante-a nan www.doh.state.fl.us epi chwazi "mold" ("limon") nan lis sijè-a.

Liy Enfòmasyon Dijans Laflorid: 1-800-342-3557

Fonksyon Sipò Dijans Enfòmasyon Piblik: (850)-921-0384

###